



ENSTWIKSYON PWOVIZWA POU AKTIVITE TRANPÒ PIBLIK PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè ou li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Jiska dat 15 jen 2020

Entwodiksyon

Sekirite pasaje ak anplwaye se pi gwo priyorite Eta New York. Pou sipòte sekirite pasaje ak sekirite anplwaye yo, operatè transpò yo pral deplwaye yon apwòch ki gen plizyè volè ki gen ladan: obligasyon pou mete mask oswa kouvèti vizaj, egzekisyon pwotokòl netwayaj ak dezenfektan regilye, ogmante sèvis kote sa posib, mete an aplikasyon sèvis ak mezi pou minimize kontak ant anplwaye yo ak pasaje yo (tankou anbake nan pòt ki deyè otobis yo, sispansyon koleksyon lajan kach nan tren, ak distans sosyal kote sa posib), ak mete an aplikasyon orè fleksib epi repati jou pou mendèy la lè sa posib. Kondisyon lokal espesifik yo pral varye de yon ajans ak yon lòt de rejyon an rejyon.

Anplis de sa, demann ak nati rezo transpò piblik nou vle di ke kenbe distans sosyal pa pral posib tout tan ak sou tout wout yo.

Pakonsekans, li pral enpòtan pou operatè transpò piblik yo pouswiv ak aplike apwòch ki gen plizyè volè ak pou Pasaje yo pran responsablite pèsonèl nan pwoteje tèt yo ak lòt moun nan mete mask, limite vwayaj yo ak vwayaj esansyèl oswa ajiste tan vwayaj la, deplase nan konpatiman ki gen mwens moun nan machin yo oswa nan tren, kenbe pratik ijyèn pèsonèl yo rekòmande yo, ak konfòme ak tout aksyon ki gen rapò ak sa ki tabli nan sa a ak lòt konsèy ke eta pibliye.

Objektif

Yo te kreye Enstwiksyon Pwozivwa pou Aktivite Transpò Piblik yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 yo ("Enstwiksyon Pwozivwa pou Aktivite Transpò Piblik yo pou COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Public Transportation)) pou ka bay pwopriyete/operatè transpò piblik yo ak anplwaye ak antrepriz yo, ak Pasaje yo prekosyon ke yo ka pran pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19 la.

Konsiy sa yo se jis egzijans minimòm e nenpòt anplwayè lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Konsiy sa yo baze sou pratik sante piblik ki plis popilè yo nan moman piblikasyon an, epi dokiman konsiy sa yo baze sou li a ka chanje epi l chanje souvan. Pati Responsab yo ak Pasaje a – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo ki gen rapò ak aktivite transpò piblik yo. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan nenpòt Plan Sekirite nan kad aktivite transpò piblik yo.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202](#), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab

minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl yo nan biwo a. Biznis ki esansyèl yo, jan yo defini pa enstwiksyon Kòporasyon Devlopman Empire Stare (Empire State Development Corporation, ESD) yo, pa't sijè a limitasyon an pèsòn, men yo te, sepandan, jwenn lòd pou yo konfòme yo anba enstwiksyon ak direktif ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize, epi yo te mande yo kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi ki posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.16, ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manb ki nan piblik la pandan y'ap travay. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat ki 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a.. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, ki otorize dirijan / pwopriyetè biznis ki gen otorite yo pou refize aksè pou moun ki pa respekte egzijans kouvèti vizaj oswa mask la.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York an faz ki baze sou yon analiz rejyonal ki baze sou done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te pèmèt pou analiz rejyonal la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tès dyagnostik yo, ak kapasite pou trase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 15 me 2020 nan divès rejyon New York, ki baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke dezyèm faz reyouvèti a pral kòmanse nan divès rejyon nan eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablo avètisman antisipe ki ap rasanble efò kòlèk enfòmasyon entansif eta a pou moun New York yo, otorite gouvènman yo, ak ekspè yo pou siveye epi revize jan yo ap jere viris la pou asire yon reyouvèti an sekirite. Nan dat 11 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke twazyèm faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen nan divès rejyon New York.

Mete sou nòm sa yo, operatè yo dwe kontinye konfòme ak konsèy epi prensip sa yo pou kenbe anviwònman travay yo pwòp e sekirize ke DOH te pibliye.

Tanpri note sa byen, kote konsèy ki nan dokiman sa a diferan de lòt konsèy dokiman Eta New York te pibliye yo, sa ki plis resan an dwe aplike.

Estanda pou Aktivite Transpò Piblik Responsab nan Eta New York

Pa gen okenn aktivite transpò piblik ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta sa yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Depatman Travay Ameriken an (United States Department of Labor),

Depatman Transpò Ameriken (United States Department of Transportation), ak Depatman Transpò New York (New York State Department of Transportation).

Nòm Eta a ki gen nan konsèy sa a aplike pou tout aktivite transpò piblik yo ki an mach pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifiye pa Eta a. Mèt/operatè aktivite transpò piblik la, oswa yon lòt pati ke mèt/operatè a deziye (nan tou de ka yo, "Pati Responsab yo"), pral responsab pou respekte nòm sa yo. "Pasaje a", yo defini li tankou nenpòt moun ki itilize sistèm transpò piblik la.

Konsèy sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

I. Moun

A. Distans Fizik

- Egzijans distans fizik yo ak rekòmandasyon yo pral varye base sou si yo aplike pou: (1) machin transpò piblik, otobis, tren ansanm ak espas piblik tankou tribin ak estasyon yo; ak (2) espas operasyon prive nan sistèm transpò piblik tankou espas anplwaye yo ak machin anplwaye yo.
- Pati Responsab yo dwe itilize meyè efò yo pou kenbe yon distans omwen sis pye ant anplwaye operasyonèl yo (eg. anplwaye ki pa fè fas a piblik la), lè sa posib epi sòf si sekirite oswa aktivite debaz la egzije yon distans ki pi kout (eg. founi antretyen nan etablisman oswa enfrastrikti, founi antretyen veyikil).
- Pati Responsab yo dwe asire anplwaye ki fè fas a piblik yo mete kouvèti vizaj kèlkeswa distans fizik la.
 - Kouvèti vizaj akseptab pou COVID-19 la yo se, men yo pa limite a sa sèlman, kouvèti vizaj ki fèt ak twal ak mask ki kouvri ni bouch ak nen an.
 - Sepandan, kouvèti ki fèt an twal, ki ka jete, oswa lòt kouvèti vizaj ki fèt lakay yo pa kouvèti vizaj ki akseptab pou aktivite nan espas travay ki egzije yon nivo pwoteksyon ki pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) akòz nati travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa lòt PPE ke yo itilize anba nòm endistri ki egziste yo ta dwe kontinye itilize, menm jan sa defini selon. [konsiy OSHA yo](#).
- Dapre egzijans Dekrè Egzekitif 202.18, Pasaje yo dwe mete kouvèti vizaj pandan tout vwayaj la, ki enkli alafwa nan machin transpò piblik ak nan espas piblik yo (eg. eskalye, tribin, estasyon, machin metwo/tren, otobis yo), kèlkeswa distans fizik la; depi, sepandan, ke Pasaje yo gen plis pase de zan epi medikalman yo kapab tolere kouvèti vizaj konsa a.
 - Si yon pasaje ki gen plis pase de zan epi ki medikalman kapab tolere yon kouvèti vizaj pa mete yon kouvèti vizaj pandan vwayaj yo, pati yo Responsab yo ka refize li antre oswa yo ka retire moun nan.
- Pasaje yo ta dwe kenbe yon distans sosyal ki apwopriye de lòt Pasaje yo ak anplwaye yo (eg. deplase nan pati ki gen mwens foul moun nan platfòm transpò piblik oswa machin tren), lè sa posib, lè yo nan espas transpò piblik ak machin transpò piblik pandan tout vwayaj yo (eg. eskalye, tribin, estasyon yo, materyèl woulan).
- Pati Responsab yo ka modifiye itilite ak/oswa diminye nonb espas travay yo ak syèj anplwaye yo, pou anplwaye yo ka sis pye pou pi piti nan tout direksyon (egz: kòt a kòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa pataje estasyon oswa espas travay san yo pa netwaye oubyen dezenfekte sa ki fin itilize, kote sa posib. Lè distans lan pa posib ant estasyon oswa espas travay yo, Responsab Pati yo dwe bay epi

egzije itilizasyon kouvèti vizaj oswa kreye baryè fizik, tankou mi pwoteksyon an plastik, nan plas kouvèti vizaj nan espas kote sa p'ap anpeche lè sikile, chalè, frechè, oswa van.

- Yo dwe mete baryè fizik yo konfòmman ak rekòmandasyon OSHA yo.
- Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan: rido an band, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab yo ta dwe entèdi itilizasyon espas ki konfine (egz: asansè yo, chanm kontwòl yo, veyikil ki itilize sèlman pa anplwaye yo) pou yo pa gen plis pase yon moun alafwa, sof si tout moun ki nan espas sa a an menm tan ta mete kouvèti vizaj ki akseptab yo.
- Pati Responsab yo ta dwe ogmante vantilasyon ak lè deyò nan pi gwo limit posib, pandan y'ap kenbe pwotokòl sekirite yo, rekonèt ke kèk espas oswa machin flòt pa gen fenèt ki ka louvri pou pèmèt lè deyò antre. Pati Responsab yo ta dwe pran mezi adisyonèl pou anpeche kongregasyon nan zòn datant asansè yo ak limite dansite nan asansè yo, tankou pèmèt itilizasyon eskalye yo.
- Yo ankouraje Pati Responsab yo pou yo asire ke dispozisyon estasyon transpò piblik yo pèmèt, lè sa posib, Pasaje yo fè efò pou pran distans sosyal de lòt Pasaje yo ak anplwaye yo.
 - Pasaje yo ta dwe respekte distans sosyal ki apwopriye, lè sa posib, pandan yo nan estasyon transpò piblik yo.
- Yo ankouraje Pati Responsab yo pou yo asire ke dispozisyon machin ray yo, machin tren yo, ak otobis yo pèmèt, kote sa posib, Pasaje yo chèche distans sosyal de lòt pasaje yo ak anplwaye yo.
 - Pasaje yo ta dwe respekte distans sosyal ki apwopriye, lè sa posib, pandan yo ap itilize transpò piblik yo.
- Yo ankouraje Pati Responsab modifye dispozisyon etablisman transpò piblik yo kote sa posib, pou anplwaye yo ka pou pi piti sis pye nan tout direksyon, sof si gen baryè fizik ki mete (egz: Pleksiglas oswa klwazon sou kès lajan yo).
 - Pati Responsab yo dwe asire ke tout anplwaye yo itilize kouvèti vizaj yo lè yo ap kominike avèk Pasaje yo. Pati Responsab yo dwe rezève plis espas pou anplwaye yo travay, pandan y'ap mete aksan sou distans sosyal ki apwopriye a, kote sa posib (egz: fèmen espas ki gen dansite wo yo, rearanje aparèy yo, fè anplwaye yo itilize lòt kès)
- Pati Responsab yo ta dwe pran mezi pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon pandan y'ap itilize tep oswa pano ak flèch nan lale ki jis, koulwa oswa espas, epi afiche pano ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (egz: pòs pou kòmanse travay/fin travay, pòs depistaj, sal repo, espas kès, vesyè), kote sa posib.
- Si sa posib, Pati Responsab yo ka eksplore mezi sa yo pou ankouraje Pasaje pran distans sosyal pandan yo nan etablisman transpò piblik yo oswa sou materyèl woulan transpò piblik:
 - Sèvi ak baryè fizik, siyal vizyèl tankou etikèt etajè, tep koloran, oswa siy ki endike pou Pasaje yo pran distans sosyal apwopriye de anplwaye yo;
 - Kreye yon direksyon pou mache ak baryè a sans inik nan estasyon transpò piblik yo pou minimize chans pou gen kontak sere ak Pasaje;
 - Fè aranjman nan zòn datant yo (eg. liyyo, zòn anbakman transpò yo) pou pèmèt yo pran distans sosyal apwopriye nan mitan lòt Pasaje yo epi minimize entèraksyon ak lòt moun nan zòn nan;

- Aplike sistèm rezèvasyon chèz pou kontwole demann ak distribye Pasaje yo nan tout sistèm transpò yo;
- Bay pasaje yo enfòmasyon an tan reyèl (eg. nivo kapasite machin yo, estasyon oswa tribin, tren/otobis/tan pou rive nan tren an);
- Fèmen plas ki pi pre antre ak sòti operatè a;

- Aplike itilizasyon antre/sòti nan pòt dèyè nan otobis yo, pandan y'ap pèmèt eksepsyon pou moun ki gen andikap yo; ak/oswa
- Ogmante kantite otobis yo, oswa antrenè tren k'ap opere yo pou diminye chans pou gen foul moun, espesyalman sou wout ki gen anpil frekantasyon/sikilasyon yo.

- Pati Responsab yo dwe afiche pano nan tout etablisman, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ka devlope pwòp siyalizasyon pa yo ki espesyal pou espas travay yo a oswa anviwònman, depi siyalizasyon an an akò ak siyalizasyon Depatman an. Siyalizasyon an ta dwe itilize pou raple anplwaye pou l:
 - Kouvri nen yo ak bouch yo avèk yon mask oswa kouvèti vizaj.
 - Byen sere ak, jete PPE, lè sa nesèsè.
 - Respekte prensip distans sosyal fizik la.
 - Rapòte sentom oswa ekspozisyon COVID-19 la, epi kòman yo ka fè sa.
 - Swiv konsiy ijyèn men ak pwòpte ak dezenfeksyon yo.
 - Swiv ijyèn respiratwa apwopriye ak etikèt tous.
 - Rete lakay ou si yo malad.

- Pati ekstèn yo, tankou kontraktè oswa konsiltan yo, ki gen aktivite ki pran plas sou pwopriete Operatè transpò a dwe adopte epi konfòme yo ak menm pratik COVID yo, ki sijè a apwobasyon Operatè a.

B. Rasanbleman nan espas fèmen

- Pati Responsab yo ta dwe swiv Konsèy Pwovizwa pou Travay ki Baze nan Biwo Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 (Interim Guidance for Office-Based Work During the COVID-19 Public Health Emergency) la pou nenpòt aktivite nan espas travay la k'ap fèt nan biwo yo.

- Antite ki Responsab yo dwe limite rasanbleman an pèsòn yo (pa egzanp, reyinyon anplwaye yo, sal poz yo, sal depo yo) nan pi gwo mezi posib, epi yo dwe itilize lòt metòd tankou konferans nan videyo oswa telefòn lè sa posib, konfòmman a enstwiksyon CDC pase nan "Enstwiksyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Panifye epi Fè Entèkansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19)". Lè videyokonferans oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo ta dwe fè yon reyinyon ouvè, nan espas ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt, kote sa posib (eg: si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè anplwaye yo chita nan chèz altèn). Lè sa pa posib, Pati ki responsab yo dwe asire ke tout anplwaye yo mete kouvèti vizaj.

- Pati Responsab yo dwe mete an plas ase pratik distans sosyal nan espas konfine, tankou twalèt ak sal repo, e ta dwe kreye siyalizasyon ak sistèm (egz: siyale lè w okipe) pou ratresi okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo; kote sa posib. Lè sa pa posib, Pati ki responsab yo dwe asire ke tout anplwaye yo mete kouvèti vizaj.

- Pati Responsab yo ta dwe demare orè pou anplwaye yo obsève distans sosyal (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt ki rasanbleman, kote li posib pou operasyon (egz. poz kafe, manje, ak kòmansman/fen orè travay). Lè sa pa posib, Pati Responsab yo dwe asire ke tout anplwaye yo mete kouvèti vizaj.

C. Aktivite Espas Travay

- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak entèpèsònèl ak kongregasyon ant anplwaye yo, atravè metòd tankou:
 - limite prezans moun nan a sèlman sila yo ki nan staf la ki nesèsè;
 - ajiste orè espas travay la pou voye sikilasyon anplwaye ak kliyan a yon tan ki pi long;
 - redwi mendèv ki sou plas yo pou respekte konsiy distans sosyal yo;
 - konsepsyon evolutif (egz: ekip A/B, repati lè arive/depa);
 - evite plizyè gwoup ak/oswa ekip k'ap travay nan yon zòn nan repati travay pwograme ak sèvi avèk siy pou endike zòn okipe yo; ak/oswa
 - egzije anplwaye ki pa fè fas ak piblik la mete mask oswa ki kouvèti vizaj lè kontak sere oswa pwòch inevitab.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo itilize opsyon pèman san kontak oswa peye davans, lè ak kote sa disponib.
 - Diminye manyen lajan, kat kredi, kat rekonpans, ak aparèy mobil, kote sa posib.
 - Mande Pasaje yo ak anplwaye ki fè fas a piblik la pou yo chanje lajan kach oswa kat kredi lè yo mete yo nan yon plato resi oswa sou kontwa olye yo bay li nan men yo epi siye nenpòt plim, kontwa, oswa sifas di yo ant chak itilizasyon oswa Pasaje.

D. Mouvman ak Kòmès

- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki deziye pou ramasaj ak livrezon pandan y'ap limite kontak yo tout tan sa posib.
- Pati Responsab yo ta dwe limite entèraksyon sou plas yo (eg, deziyen yon sòti pou travayè k'ap kite travay yo ak yon antre separe pou travayè k'ap kòmanse travay yo) ak mouvman yo (eg. anplwaye yo ta dwe rete tou pre estasyon yo toutotan sa posib).

II. ESPAS

A. Ekipman Pwotektif

- Pati Responsab yo dwe asire operatè a an konfòmite ak Dekrè Egzekitif 202.18 ki egzije ke anplwaye ki opere machin transpò piblik yo dwe mete yon kouvèti vizaj oswa mask ki kouvri nen an ak bouch yo lè pasaje yo prezan.
- Pati Responsab yo dwe mete anplas mezi pou raple Pasaje yo egzijans Dekrè Egzekitif 202.18 yo ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a.

- Pasaje ki gen plis pase de zan epi ki kapab medikalman tolere yon kouvèti vizaj yo ka refize yo aksè oswa mande yo ale si yo pa konfòme yo avèk direktiv pou mete kouvèti vizaj sa pandan vwayaj la, jan yo te prevwa nan Dekrè Egzekitif 202.18 la.
- Anplis de PPE nesèsè jan yo egzije l pou kèk aktivite nan espas travay, Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti vizaj akseptab epi bay anplwaye pa yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Pati Responsab yo ta dwe gen yon kantite kouvèti vizaj adekwa oswa mask ak lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) sou men pou si yon anplwaye ta bezwen yon ranplasman. Kouvèti vizaj ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo, respiratè N95 yo. Yo ka bay oswa mete pwotèj nan figi anplis yon mask oswa lòt kouvèti vizaj.
- Kouvèti vizaj dwe pwòp oswa ranplase apre l fin itilize e li pa ka pataje. Tanpri konsilte konsèy CDC a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip PPE, ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.
- Pati Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize kouvèti vizaj akseptab pa yo men yo pa ka egzije anplwaye yo bay pwòp kouvèti vizaj yo a. Anplis, konsèy sa a p'ap anpeche anplwaye mete pwòp kouvèti pwoteksyon pa yo (egz: mask chirijikal, respiratè N95, oswa pwoteksyon vizaj), oswa si Pati Responsab yo egzije anplwaye yo mete plis pwoteksyon PPE akòz nati travay yo a. Anplwaye yo ta dwe konfòme ak tout nòm aplikab OSHA yo.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou limite pataj objè, tankou zouti, machinri, materyèl ak veyikil, ansanm ak touche sifas moun pataje; tankou kontwòl panèl ak klavye; oswa egzije travayè yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan; oswa, egzije travayè yo dezenfekte ak lave men yo ak objè pataje avan e apre kontak.
- Pati Responsab yo ta dwe asire ke anplwaye yo itilize gan oswa dezenfektan pou men lè yo retire sache fatra oswa lè yo manyen ak jete fatra yo epi lave men yo oswa itilize dezenfektan pou men apre.
- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou kijan pou byen mete, retire, netwaye (jan sa aplikab), ak jete PPE, ansanm ak men sa pa limite a tout, kouvèti vizaj apworiye.

B. Ijyèn, Netwayaj, ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire respè egzijans ijyèn ak asenisman yo jan CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "Konsiy pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak postè "SISPANN PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD), jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe jounal netwayaj ki gen dat, lè, ak espas k'ap netwaye a ak dezenfeksyon.
- Pati Responsab yo ta dwe bay epi kenbe, youn oswa toude estasyon ijyèn men yo sou sit la nan tèminal yo ak nan estasyon yo, depi sa posib:
 - Pou lave men: savon, dlo cho k'ap koule, ak papyè twalèt ki ka jete.
 - Pou dezenfekte men: yon dezenfektan men a baz alkòl ki gen omwen 60% alkòl..
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere epi, kote sa posib, bay dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl pou Pasaje yo nan estasyon transpò piblik yo. Siyalizasyon yo ta dwe endike ke men ki vizibleman sal ta dwe lave ak savon ak dlo nenpòt lè li posib; dezenfektan pou men pa efikas sou men ki vizibleman sal.

- Pati Responsab yo dwe bay pwotokòl netwayaj pou asire yo jete bagay sal yo.
- Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye pou sifas moun pataje ak touche souvan epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa yo avan e apre yo fin itilize sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.
 - Pou aktivite transpò ki fè fas a piblik ki enplike nan manyen objè pataje (egzanp aparèy peman yo), zòn yo, ak/oswa sifas nan zòn ki aksesib a piblik la (tankou pòt, men kourant), Pati Responsab yo ta dwe asire ke yo netwaye ak dezenfekte zòn sa yo ak objè yo de fwa chak jou, o minimòm, oswa pouswiv yon apwòch altènatif kote apwòch altènatif la bay yon pwoteksyon sante piblik egal oswa pi gwo.
- Pati responsab yo dwe mennen netwayaj regilye ak dezenfeksyon lokal vann an detay la ak netwayaj pi souvan pou espas ki gen gwo ris plizyè moun itilize ak espas moun touche souvan. Netwayaj ak dezenfeksyon dwe byen fèt epi kontinye e sa ta dwe fèt pou pi piti chak chanjman orè travay, chak jou, oswa pi souvan dapre bezwen. Tanpri konsilte "Konsiy Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou netwaye etablisman epi dezenfekte etablisman yo.
 - Tren yo, otobis yo, ak machin mewto yo ki an sèvis aktif yo dwe netwaye ak dezenfekte chak jou, oswa mwens lè ou sèvi avèk pwodui netwayaj ak dezenfeksyon ki pi efikas yo;
 - Estasyon yo ak sifas yo touche souvan yo—tankou tounikè yo, distribitè biyè yo, ak men kourant yo—dwe netwaye ak dezenfekte de fwa pa jou, oswa mwens lè ou sèvi avèk pwodui netwayaj ak dezenfeksyon ki pi efikas yo;
 - Konsidere anplwaye pèsònèl pou netwaye ak dezenfekte zòn yo touche souvan yo (tankou distribitè tikè, manch pòt) ak frekans pi elve, oswa mwens lè ou sèvi avèk pwodui netwayaj ak dezenfeksyon ki pi efikas yo;
 - Netwaye ak dezenfekte veyikil aksè espesyal yo chak jou, oswa mwens lè ou sèvi avèk pwodui netwayaj ak dezenfeksyon ki pi efikas yo;
- Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo regilye. Twalèt yo ta dwe netwaye ak dezenfekte pi souvan tou depan de nivo yo frekante l.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib.
- Pati Responsab yo dwe asire ke ekipman ak zouti yo netwaye ak dezenfekte regilyèman nan sèvi avèk dezenfektan ki legal, ki gen ladan omwen osi souvan ke travayè yo chanje estasyon travay oswa deplase ale nan yon nouvo seri zouti. Sèvi avèk lis pwodui Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.
- Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa oswa lefèt ke netwayaj ak dezenfeksyon koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa machinri, Pati Responsab yo dwe mete an plas estasyon ijyèn men ant itilize ak/oswa founi gan ki ka jeteak/oswa limitasyon sou nonb anplwaye k'ap itilize machinri sa a.
- Pati Responsab yo dwe bay pou netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspozè si yon travayè konfime pozitif ak COVID-19 la, yon netwayaj konsa ki pou genyen, o minimòm, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil (egz: distribitè otomatik, men kourant ak syèj nan veyikil tranpò piblik yo, men kourant etablisman yo, douch, manch pòt).

- Pati Responsab yo ta dwe ajiste lè yo si nesèsè pou pèmèt pwosesis netwayaj ak dezenfeksyon amelyore..
- Pati Responsab yo dwe asire sistèm transpò piblik yo ogmante frekans pou tcheke fonksyonalite bon jan sistèm vantilasyon pou asire sistèm vantilasyon yo fonksyone byen.
 - Kote sa posib, epi pandan y'ap kenbe pwotokòl sekirite yo, konsidere ogmante vantilasyon nan estasyon ak nan ekipman woulan.
- Enstriksyon CDC sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman \(Cleaning and Disinfecting Your Facility\)](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo sispèk oswa yo te konfime yon moun gen COVID-19 se jan sa ye anba a:
 - Fèmen zòn moun ki sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la itilize.
 - Pati Responsab yo pa nesèsèman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
 - Pou tou/sant kontwòl ki gen yon nati fonksyonèl enpòtan, fèmti konplè zòn ki afekte yo pa obligatwa; yon anplwaye ka kontinye satisfè fonksyon operasyon enpòtan pandan li ap mete yon kouvèti vizaj ak gan jiskaske zòn ki afekte a netwaye ak dezenfekte.
 - Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
 - Tann 24 èdtan avan ou nerwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
 - Netwaye ak dezenfekte tout espas moun ou sispèk ki malad la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
 - Depi espas la fin byen dezenfekte kòm sa dwa, li ka re-ouvè pou itilize.
 - Anplwaye ki pa gen kontak sere ak kontak pwòch ak moun ke yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 ka retounen nan zòn travay la imedyatman apre netwayaj ak dezenfeksyon.
 - Konsilte "[Enstriksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive yo Retounen Travay Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa pwòch" yo.
 - Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje (egz: repa stil bifè), ankouraje moun pote manje ki sot lakay yo, e rezève ase espas pou anplwaye pratike distans sosyal la pandan repa yo, kote sa posib.
- Pati ki responsab yo ta dwe pèmèt yo sèvi ak pòt san kontak otan ke posib, lè sa disponib (eg. redireksyon sikilasyon an pòt san kontak, oswa enstale—kote sa posib).

C. Faz Reouvèti

- Nou ankouraje Pati Responsab yo a aktivite reouvèti pa faz yo pou ka pèmèt pwoblèm operasyonèl yo rezoud avan pwodiksyon oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal yo. Pati Responsab yo ta dwe konsidere limite nonb anplwaye yo, lè, ak nonb kliyan ki disponib pou sèvi lè premye re-ouvèti a pou ka bay operasyon yo kapasite pou ajiste chanjman yo.

D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime ke yo te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi y'ap aplike yo.
- Pati Responsab yo ta dwe kreye yon plan kominikasyon pou anplwaye ak pasaje yo ki ladan l enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak moyen konsistan pou bay anplwaye yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka kreye paj wèb, gwoup tèks ak imèl, ak media sosyal.
- Pati Responsab yo ta dwe itilize metòd kominikasyon preferab pou kominike enfòmasyon vwayaj kle tankou lè arive yo oswa nivo foul yo, si sa posib.

III. PWOSESIS YO

A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe aplike pratik obligatwa pou tès depistaj sante chak jou pou anplwaye pa yo men tès depistaj sa yo pa dwe yon obligasyon oswa otreman yon egzijans pou Pasaje yo.
 - Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan anplwaye a prezante nan lokal la, nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.
 - Depista ta dwe kowòdone pou anpeche anplwaye yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la. Si sa pa posib, Pati ki responsab yo dwe asire ke tout anplwaye yo mete kouvèti vizaj ak gan lè yo ap pran tanperati.
 - O minimòm, yo ta dwe egzije depistaj tout travayè ak kontraktè yo, men pasaje pa ladan l e sa ta dwe konplete ak yon kesyonè ki detèmine si travayè oswa kontraktè a te:
 - (a) gen konesans li antre an kontak sere oswa pwòch nan 14 jou pase yo ak nenpòt moun ki te teste pozitif pou COVID-19 la oswa ki genyen oswa te genyen sentom COVID-19 la;
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo; oswa
 - (c) eksperimante sentom COVID-19 la nan 14 jou pase yo.
- Ale nan ensiy CDC a sou "Sentom Kowonaviris" (Symptoms of Coronavirus) la pou enfòmasyon ki pi ajou sou sentom ki asosye ak COVID-19 la.
- Pati Responsab yo yo ta dwe egzije anplwaye yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom, pandan oswa andeyò lè travay yo.
- Pati Responsab yo dwe aplike tchèk tanperati obligatwa pou anplwaye yo, kote sa posib operasyonèlman.
- Anplis de kesyonè despistaj la, verifikasyon tanperati ka fèt chak jou tou dapre Komisyon pou Egalite Chans nan zafè Anplwa Etazini (U.S Equal Employment Opportunity Commission) oswa konsèy DOH yo. Pati Responsab yo entèdi pou kenbe anrejistreman done sante anplwaye a (egz: done tanperati).
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k'ap fè aktivite depistaj yo, ansanm ak verifye tanperati, yo pwoteje nòmalman de ekspozisyon a yon anplwaye ki enfekte oswa kontraktè k'ap antre nan lokal la. Responsab k'ap fè aktivite depistaj yo ta dwe fòme pa moun anplwayè a idantifye ki fanmiye ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA.

- Yo ta sipoze fè depistaj e itilize PPE, ansanm ak o minimòm, yon mask vizaj, epi ak gan, yon gwo wòb, ak/oswa yon pwoteksyon vizaj.
- Yon anplwaye ki depiste pozitif pou sentom COVID-19 yo ta dwe pa gen aksè pou antre nan espas travay la e yo ta dwe voye l lakay li ak enstriksyon pou kontakte founisè swen sante l pou evalyasyon ak tès. Pati Responsab yo dwe notifiye imedyatman departman sante eta ak lokal sou nenpòt ka pozitif Pati Responsab yo ta dwe bay anplwaye a enfòmasyon sou resous swen sante ak tès yo.
- Pati Responsab yo dwe ale nan "[Ensiy pwovizwa pou anplwaye piblik ak prive k ap retounen travay apre enfeksyon oswa ekspezisyon a COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la konsènan pwotokòl ak politik pou anplwaye k ap chèche retounen travay apre yon ka COVID-19 yo te sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te nan kontak pre oswa kole ak yon moun ki gen COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe revize repons tout anplwaye ak kontraktè ke yo te kolekte nan pwosesis depistaj la chak jou e kenbe yon anrejistremant revizyon sa yo. Pati Responsab yo tou dwe idantifye yon kontak antanke pati pou anplwaye yo pou ka enfòmasyon si pita yo vin gen sentom ki gen rapò ak COVID-19 la, jan sa note nan kesyonè a.
 - Pati Responsab yo ka anrejistre epi kenbe sèlman moun ki te fè tès depistaj la epi si yon moun te reyisi oswa echwe tès depistaj sa. Pati Responsab yo pa ka anrejistre epi kenbe dosye tanperati oswa sentòm yon moun.
- Pati Responsab yo dwe deziyen yon kontwolè sekirite ki gen responsablite enkli konfòmite kontinyèl ak tout aspè nan plan sekirite nan sit la (egz. moun ki okipasyonèl sante ki asiye kòm monitè sekirite). Monitè sekirite a ka sipèvize konfòmite nan plizyè sit.
- Tout tan sa posib, Pati Responsab yo ta dwe kenbe yon jounal pou chak moun, ansanm ak travayè ak kontraktè yo, ki ka gen kontak sere ak pwòch ak lòt moun nan espas travay la; san nou pa mete livrezon ki fèt nòmalman ak PPE oswa pa mwayen san kontak. Jounal la ta dwe gen enfòmasyon kontak la, pou tout kontak ka idantifye, retrase epi alète si yon anplwaye ta teste pou COVID-19 la. Pati Responsab yo dwe kolabore ak efò rechèch kontak departman sante lokal eta a.

B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe alète departman sante ak eta a lokal imedyatman apre yo fin enfòmasyon de nenpòt rezilta tès pozitif COVID-19 pa yon travayè nan travay yo a.
- Nan ka yon travayè oswa yon kontraktè teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore ak departman sante lokal pou trase tout kontak nan espas travay la epi alète departman sante lokal de tout travayè ak kontraktè ki te antre nan sit la nan dat 48 èdtan avan travayè a te kòmanse santi sentom COVID-19 la oswa teste pozitif, nenpòt dat ki pi resan. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak regleman federal ak eta a yo egzije a.
- Departman sante lokal ap kreye restriksyon siveyans ak mouvman de moun ki enfekte oswa ekspozè yo ansanm ak izolman lakay oswa karantèn.
- Anplwaye ke yo alète ki te an kontak sere ak oswa pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 e ke yo te alète pa mwayen trasaj, swivi oswa lòt mekanis, yo egzije pou deklare tèt yo bay anplwayè yo a nan lè alèt la e yo pral swiv pwotokòl ki endike pi wo a.

IV. PLAN ANPLWAYE

Pati Responsab yo dwe afiche plan sekirite rezime konplè sou sit la pou anplwaye yo. Eta mete disponib yon modèl plan sekirite pou reouvèti biznis pou gide pwopriyetè biznis ak operatè yo nan kreye plan pou pwojete kont pwopagasyon COVID-19 la.

Enfòmasyon sekirite anplis, konsèy, ak resous disponib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Sou lyen ki pi ba a, afime ou te li e konprann obligasyon ou genyen pou w travay dapre konsèy sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>